TSJETSJENSK

# Хьо дукха жима ву, Альберт Оберг

Гуьнилла Бергстрёмас язйина

Норвежски метта яьккхинарг Тур Оге



Cappelen

Хьара Альберт Оберг ву.

Тахана шен денана йолчахь хьошалгІахь ву иза.

Цуьнца баккхира шичой бу цигахь.

Уьш 7, 9 шо кхаьчна а бу, школе оьхуш а бу, церан сахьт а ду, царна еша а хаа.

Ткъа Альберт жимах верг ву.

Ткъа иза дика дац.

ХІунда альча жимах верг гуттар цаьрца хила магац.



“Хьо дукха жима ву, хьо кхеташ хIума дац” олу баккхира шичоша.

И кIордина Альбертан…

Собар де аш!

*Тахана и  гIуллакх къасто воллу иза.*



Денана дика ю...иза цкъа а сиха яц , амма самукъане а дика а ю.

Иза берашца ловзу, цо мерза печенье ло шен печенеш чохь йолу хаза гӀутакх чуьра

Цо мел еза печенье ло езачунна!



Цара цхьа барз юу уьш.

Амма тӏеххьаре а олу дена нас: Хӏинца тоьар ду, хӏунда аьлча вайн кхин хира яц, вай тӏаьхьо сок молуш яа. Схьадуьйла вай кехатех ловзу!»



Сихха сацам бо шичойша: Альберт хила магац вайца. Иза жима ву. Иза кхеташ хIума дац.»
Альбертан хала хетта. Шена гIоле хетита цо цхьа печенье оьцу гIутакх чуьра.

«Хьажа, цо кхиъ оьцу!» Бохуш мохь хьоькху шичош.

Дененас леккха хьаладуьллу печенеш чуьра гIутакх.»

«Иза хIуммаъ дац!»»

Амма тIаккха вай сок молуш ца тоа мега уьш!» реза бац шичой. «Цунна кхиъ схьаэца хIунда мегар - тхуна мегаш ца хилча?» »





Вай тIаккха , Альберт жима ма ву, иза кхета ма ца кхета,» боху дененас.»

Шу ма дара иза аьлларг хIинца дукха хан йоцуш. Схьадуьйла хIинца,ловзар ду вай.»

Ткъа Альберт хІинца а ца мегар цаьрца хила. Иза ша цхьаъ лаьтташ ву кхачананц1а чохь.
Ма сингаттаме а, хала а ду массарел жимах верг хила, ловзаршна юккъехь а воцуш....

Зал чуьра схьахеза цунна кехатех ловзуш берш. Уьш чІог Іа самукъадаьлла бу.

«Биъса, черо», боху цара.

«Ма къа ду сан», ойла йо Альбертас.»

«Ма къа ду сан сел жима волу,» ойла йо Альбертас.









«Хlаъ, со дукха жима ву, цундела со ца к-х-е-т-а...»

бохуш шен дагахь, шкаф тlе хьоьжу иза , дeнанас дlахlоттинчу печени гlутакхе.

Дукха лекхахь льаьтта иза. Ткъа сов жима волу хlара!

Цхьана хlуманах *ца кхета* иза .Я цхьана хlуманна т1е а *ца кхочу*.

Вай, ма лакхахь льаьтта иза, боху цо.





Кхачананц1а чуьра гIант тIе хилича гIуллакх хира дари техьа?

Меллаша гIант схьаоьцу Альберта.

Денанний, шичошиний хIумма а ца хеза.Уьш ловзуш бу.

«Черо, 1ержа б1ерг», боху цара.



Альберт хьала волуш ву.

бу.
Ммм....Ма мерза печенеш ю...

Кхин цхьаъ бен ца оьцу цо...

Зал чуьрнаш ма чlоrla самукъадаьлла

ловзуш бу! Уьш бовла дагахь а буй техьа?

Х1ан-х1а. «Биъса, ж1ара», боху цар

Уьш цхьана самукъадаьлла lаш

«Со дукха жима ма ву,

со кхеташ хlума дац.»

Кхин *цхьаъ* печени оьшу цунна.

Ткъа кхин цхьаъ а.



Альбертана шашеха къахета юх юха а.

Иза юуш Iа, тIкъа вуьш ловзуш Iа.

Иштта дуккха а хан йолу...

ТIаьххьара а мохь туху шичоша: «Схьавола, Альберт! Вай суьрташка хьовса дохку!»


Foto

XIинца уьш массо а цхьана гулбелла , Альберт а ву церца. Иштта дика ду.

Уьш диван тIехь Iаш бу. Денана альбом тIера суьрташ гойтуш ю, ша жима йолуш дехна долу.
Цу хенахь хилларш а дуьйцу цо. Хаза ду иштта Iаш.

Самукъане а, хаза а, дика а ду иштта цхьана Iаш...Самукъане ду денанас : «XIинца аса вайна сокий, печенеший охьа хитта йо!» аллалц.

ТIаккха баккхийра шичой шеш Iаччара хьала а лелхий,олу: «Тхуна лаьа ! Тхоьга далур ду иза.
Тхо даккхира ду, тхо...



...Оха тхеша кечам бийр бу, иза хала ма дац»-аьлла , кхачананц1а чу дlахьевдира.

Денаний, Альбертий диван тlехь собар деш бу.

Царна хезаш ду шичоша неlарш а, пхьехаш а дlаса етташ.

Цlеххьана цхьа тамашина тийналла хlоьттира.

Делахь вай гlо динехь хlун дара техьа царна?» боху денанас тlеххьаре а.

Тlаккха цlеххьана мохь бели.

Цхьа 1аламат *ирча* Ц-О-Х хези кхачананц1а чуьра!

Вай, щичой буй иза ц1ох хьокхуш?

Вай, ма ирча К – Е – Г – А – Р-И бу иза.





Бу, шичой бу.

Уьш печенье шуьнан т1е яхка дагахь бара.

Цара г1утакх лакхара охьаэцна.

Цара схьадиллира иза.

Ткъа х1инца – х1инца багош г1аттина лаьтта иза шиъ.

Х1унда аьлча, кхи дукха йисина яц.

Цха печенье бен яц.



Уьш оьг1азбахана, Альбертан т1е п1елгаш хьежадо

Ц1ох хьоькху: *«Иза ву бехке!»*

«Х1аъ, вай ловзучу юкъан цо йиан шайерш!

Цо ша йиан шайерш.Иза нийса дац!»



И баккхийра шичой 1аламат оьг1азе бу.  Альбертах лата кичча бу уьш.

*Ткъа х1инца Альбертан раг1 ю.*







Оцу дийнахь дуьйна  Альбертан бакъо елла цаьрца ловза.

Шичош кхин ца олу иза жима ву, иза кхеташ х1уммаъ дац. Альбертас  кехатан ц1ераш 1амайина.

Биъса, 1аьржа б1аьрг, черо, ж1ара – олу царах.







*Марша вог1ийла Альберт Оберг... Цхьана турпалхочунна вай маршалла кховду дагахь делахь, Альберт Оберг, х1илланча, хила веза иза.*

*Моргенбладет (газета)*